



Pou Piblikasyon Imedya: 29/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NOUYÒKÈ KI GEN 30 ANE AK SILA YO KI PI AJE ELIJIB POU RESEVWA VAKSEN COVID-19 LA

Nouyòkè ki gen laj omwen 30 an ka kòmanse pran randevou epi pran vaksen kòmanse nan dat madi 30 mas

Nouyòkè ki gen laj omwen 16 an ka kòmanse pran randevou epi pran vaksen kòmanse nan dat 6 avril

Eta New York pral fè kalifikasyon an vin inivèsèl prèske yon mwa pi bonè pase dènye delè 1ye me Prezidan Biden nan

Yo bay plis pase 2 milyon dòz otototal nan lokal vaksinasyon an mas Eta New York ap jere yo avèk asistans FEMA

Yo bay plis pase 9 milyon dòz otototal nan tout lokal vaksinasyon yo nan eta a

Yo administre 171,419 dòz nan tout Eta New York nan dènye 24 èdtan yo

Yo te bay plis pase 1.3 milyon dòz pandan sèt jou pase yo

30% Nouyòkè yo resevwa omwen yon dòz

Tablodbò Vaksen an pral ajou chak jou pou bay mizajou sou pwogam vaksinasyon eta a; ale sou ny.gov/vaccinetracker

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo ekspansyon elijibilite vaksen COVID-19 la nan New York. Kòmanse nan dat madi 30 mas a 8 a.m., tout Nouyòkè ki gen laj omwen 30 an ap kalifye pou resevwa vaksen an. Kòmanse nan dat 6 avril, kalifikasyon inivèsèl la ap antre an vigè epi tout Nouyòkè ki gen laj omwen 16 an ap kalifye pou pran vaksen an.

Anplis de sa, Gouvènè a te anonse gen plis pase 2 milyon dòz vaksen COVID-19 otototal yo bay nan lokal vaksinasyon an mas Eta New York ap jere yo avèk asistans FEMA. Nan tout eta a, gen plis pase 9 milyon dòz otototal yo bay nan tout lokal vaksinasyon yo. Yo te bay 171,419 dòz nan tout gwo rezo distribisyon eta a nan dènye 24 èdtan yo, epi yo te bay plis pase 1.3 milyon dòz nan sèt dènye jou yo. Livrezon alokasyon semèn 16 la kòmanse nan mitan semèn lan.

"Jodi a nou fè yon kokennchenn pa devan nan lit pou bat COVID la. Kòmanse nan dat 30 mas, tout Nouyòkè ki gen laj omwen 30 an pral kapab pran vaksen, epi tout Nouyòkè ki gen laj omwen 16 an pral kalifye nan dat 6 avril, byen alavans dènye delè 1ye me Mezon Blanch la etabli an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan n ap kontinye elaji kalifikasyon an, New York pral redouble efò pou fè vasken an vin aksesib pou tout kominote pou garanti egalite, sitou pou kominote koulè yo ke twò souvan yo kite dèyè. Nou kapab wè limye nan bout tinèl la, men toutotan nou poko rive la li pi enpòtan toujou pou chak grenn Nouyòkè mete mask, respekte distans sosyal epi suiv tout direktiv sekirite yo."

Gwo rezo distribisyon ak gran kantite popilasyon moun ki elijib yo nan New York lajman depase kantite apwovizyonman ki soti nan men gouvènman federal la. Piske apwovizyonman an limite, nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete pasyan e nou konseye yo pou yo pa prezante nan sit vaksinasyon yo san randevou.

Yo te mete zouti evalyasyon '[Am I Eligible](#)' (Èske Mwen Elijib) la ajou pou moun ki gen maladi kwonik ak pwoblèm ki akonpaye yo avèk nouvo randevou yo ki te pibliye sou yon baz kontinyèl pandan semèn k ap vini yo. Nouyòkè yo ka itilize sa ki annapre yo pou montre ke yo kalifye:

- Lèt doktè, oswa
- Enfòmasyon medikal ki pwouve maladi kwonik la, oswa
- Sètifikasyon ki siyen

Chif pwogram vaksinasyon ki anba yo se pou dòz ki distribye epi livre nan New York pou pwogram vaksinasyon an, epi yo pa genyen ladan yo sa ki rezève pou pwogram Etablisman Swen Alontèm gouvènman federal la. Men yon repatisyon done sou baz kantite ki repòte bay Eta New York a 11 AM jodi a.

REPATISYON NAN TOUT ETA A

Total dòz yo administre - 9,056,970

Dòz total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 171,419

Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 1,319,740

Pousantaj Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 29.6%

Pousantaj Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 16.8%

Rejyon	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan
Capital Region	357,394	3,877	200,958	8,021
Central New York	311,758	4,284	194,857	6,867
Finger Lakes	368,859	3,160	203,175	6,570

Long Island	701,770	14,940	383,896	8,407
Mid-Hudson	591,167	8,028	297,557	6,725
Mohawk Valley	157,251	2,026	95,271	3,855
New York City	2,650,332	30,475	1,550,456	46,616
North Country	166,341	1,612	110,527	2,739
Southern Tier	200,871	2,372	109,912	2,980
Western New York	392,535	4,186	212,587	4,606
Nan tout Eta a	5,898,278	74,960	3,359,196	97,386

	1ye dòz yo livre konplètman bay Founisè New York yo	2yèm dòz yo livre konplètman bay Founisè New York	TOTAL	KIMILATIF
Semèn 1 Dòz k ap vini nan dat 12/14 - 12/20	163,650	0	163,650	163,650
Semèn 2 Dòz k ap vini nan dat 12/21 - 12/27	452,125	0	452,125	615,775
Semèn 3 Dòz k ap vini nan dat 12/28 - 01/03	227,395	0	227,395	843,170
Semèn 4 Dòz k ap vini nan dat 01/04 - 01/10	239,025	165,150	404,175	1,247,345
Semèn 5 Dòz k ap vini nan dat 01/11 - 01/17	221,315	119,925	341,240	1,588,585
Semèn 6 Dòz k ap vini nan dat 01/18 - 01/24	250,400	462,395	712,795	2,301,380
Semèn 7 Dòz k ap vini nan dat 01/25 - 01/31	260,150	239,525	499,675	2,801,055

Semèn 8 Dòz k ap vini nan dat 02/01 - 02/07	321,850	220,720	542,570	3,343,625
Semèn 9 Dòz k ap vini nan dat 02/8 - 02/14	320,000	244,500	564,500	3,908,125
Semèn 10 Dòz k ap vini nan dat 2/15 - 2/21	356,990	265,525	622,515	4,530,640
Semèn 11 Dòz k ap vini nan dat 2/22 - 2/28	393,530	305,780	699,310	5,229,950
Semèn 12 Dòz k ap vini nan dat 03/01 - 03/07	1,020,660	290,500	1,311,160	6,541,110
Semèn 13 Dòz k ap vini nan dat 03/08 - 03/14	618,880	526,415	1,145,295	7,686,405
Semèn 14 Dòz k ap vini nan dat 03/15 - 3/21	699,790	584,775	1,284,565	8,970,970
Semèn 15 Dòz k ap vini nan dat 03/22 - 3/28	828,000	737,080	1,565,080	10,536,050

Pou ou detèmine si ou elijib ak pran yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas Eta a jere, ou ka vizite sitwèb '[Èske M Elijib \(Am I Eligible\)](#)' a. Nouyòkè yo kapab rele depatman sante, famasi, doktè, oswa lopital lokal yo pou yo jwenn plis enfòmasyon ak pou yo pwograme randevou yo kote vaksen yo disponib.

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a.

Nouyòkè ki sispèk fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an ka rele kounye a nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye imèl bay Depatman Sante a nan STOPVAXFRAUD@health.ny.gov. Anplwaye liy ijans yo ap achemine plent yo bay ajans envestigasyon ki apwopriye yo pou asire ke Nouyòkè yo pwofite de travay Eta a pou vaksinen tout popilasyon ki kalifye a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)